

Fèm ak inebranlab

Pa Silvia H. Allred

Premye Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou

Si nou fidèl epi nou pèsevere jiska lafen, n ap resevwa tout benediksyon Papa nou ki nan Syèl la genyen, menm lavi etènèl ak egzaltasyon

Mwen rekonesan pou opòtinite m genyen pou m fè pati rasanbleman fi fidèl sa a toupatou nan mond lan. Mwen rankontre avèk demilye nan nou nan plizyè peyi diferan. Fidelite nou ak devosyon nou fòtifye mwen. Egzanp bonte ak angajman nou pou levanjil la enspire mwen. Aksyon diskre sèvis dezenterese nou ak pawòl temwayaj nou ak konviksyon nou rann mwen enb.

M ap poze nou chak aswè a menm kesyon m konn poze anpil nan nou nan konvèsasyon nou konn genyen.

1. Kisa ki ede nou rete fèm ak inebranlab lè n ap fè fas ak pwoblèm k ap epwouve lafwa nou yo?
2. Kisa ki soutni nou atravè eprèv ak advèsite yo?
3. Kisa ki ede nou pèsevere ak vin yon vrè disip Kris la?

Kèk nan repons nou konn ban mwen gen ladan yo:

1. Konesans nou ke Papa nou ki nan Syèl la renmen nou ak sousye pou nou.
2. Espwa nou ke gras avèk sakrifis ekspyatwa Jezikri a tout benediksyon yo pwomèt fidèl yo ap akonpli.
3. Konesans nou sou plan redanmsyon an.

Mesaj mwen jodia pral pale de deklarasyon sa yo ki vini soti nan kè nou yo.

Women 8:16 di: “Lespri li menm rann temwayaj bay lespri nou, ke nou se pitit Bondye.” Premye fwa m sonje m te santi avèk tout sètitud ke Papa nou ki nan Syèl la te konnen mwen, renmen mwen, ak sousye pou mwen sete lè m te antre nan dlo batèm nan laj kenzan. Anvan sa, m te konnen Bondye te egziste epi Jezikri sete Sovè mond lan. M te kwè nan yo e m te renmen yo, men pa t janm santi lanmou yo ak sousi yo pou mwen, endividyèlman, jiska jou sa a lè m te kontan pou opòtinite m te genyen pou fè alyans batèm yo.

M te reyalize ki gwo mirak sa te ye pou misyonè yo te jwenn mwen epi anseye m, espesyalman avèk sèlman yon ti kantite misyonè nan pami de milyon moun! M te konnen lè sa a ke Papa nou ki nan Syèl la te konnen mwen ak renmen mwen nan yon fason si espesyal ke l te gide misyonè yo vin lakay mwen.

M konnen kounyeya ke Bondye se yon Bondye lanmou. Sa se vre paske nou se pitit li epi li vle pou nou tout gen lajwa ak bonè etènèl. Travay li ak laglwa li se pou nou kapab gen imòtalite ak lavi etènèl.¹ Se poutèt sa li te prepare yon plan bonè etènèl pou nou. Objektif nou nan lavi se pou jwenn lavi etènèl ak egzaltasyon pou tèt pa nou, epi ede lòt moun yo fè menm bagay la tou. Li te kreye tè sa a pou nou pou n jwenn yon kò fizik epi pou nou teste nan lafwa nou. Li te ba nou don presye libabit, ki fè nou kapab chwazi chemen ki mennen nan bonè etènèl. Plan redanmsyon Papa nou ki nan Syèl la se pou ou avèk mwen. Li se pou tout pitit li yo.

“Konsa Bondye kreye moun, li fè l pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi.

“Li ba yo benediksyon, li di: Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a.”²

“Epi li ba yo kòmandman pou yo adore Senyè Bondye yo a Epi Adan te obeyi kòmandman Senyè a.”³

Adan ak Èv te fè pitit epi plan Senyè a te kontinye deplwaye.

Mwen rekonesan dèske m konnen ke nou chak gen yon wòl vital ak esansyèl antanke pitit fi Bondye. Li bay pitit fi l yo karakteristik divèn nan bi pou avanse travay li. Bondye konfyè fi yo travay sakre ki se fè ak elve pitit. Okenn lòt travay pa osi enpòtan. Se yon apèl sakre. Ofis ki pi nòb pou yon fi se travay sakre bati fanmi etènèl la, ideyalman an kolaborasyon avèk mari li.

Mwen konsyan ke gen kèk sè ki poko resevwa benediksyon maryaj oswa pitit. Kite m asire nou ke lè moman an rive n ap resevwa tout benediksyon yo pwomèt fidèl yo. Nou dwe “avanse avèk fèmte nan Kris la, avèk yon esperans pafètman klè, e avèk yon lanmou pou Bondye ak tout moun epi pèsèvere jiska lafen pou n ka gen lavi etènèl.”⁴ Nan pèspektiv etènèl la, benediksyon ki manke yo “pral sèlman pou yon ti moman.”⁵

Epitou, nou pa bezwen marye pou n respekte kòmandman yo ak pran swen fanmi, zanmi, ak vwazen. Don nou, talan nou, abilite nou ak fòs espirityèl nou grandman nesèsè nan bati wayòm nan. Senyè a konte sou dispozisyon nou pou akonpli devwa esansyèl sa yo.

Senyè a di:

“Mwen pap janm bliye ou.

Mwen ekri non ou nan pla menm m. Mwen toujou wè miray ou yo devan je m.”⁶

Senyè a renmen nou. Li konnen esperans nou ak desepsyon nou. Li pap janm bliye nou paske lapenn nou ak soufrans nou toujou devan li.

Pi gwo ekspresyon lanmou Bondye pou nou sete dispozisyon li pou voye Pitit Gason Byeneme l la, Jezikri, pou ekspye pou peche nou yo, pou l vin Sovè nou ak Redanmtè nou.

Nan Jan 3:16, nou li: “Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pèdi lavi yo. Okontrè ya gen lavi ki pap janm fini an.”

Sovè a di: “Jan Papa a renmen m lan, se konsa mwen renmen nou tou.”⁷

Dispozisyon Jezikri pou l te vin mouton sakrifis la sete yon ekspresyon lanmou li pou Papa a ak lanmou enfini li pou nou chak.

Ezayi dekri soufrans Sovè a konsa: “Se soufrans nou ta gen pou soufri yo li te soufri pou nou, se doulè nou yo li te pran sou do l; ...

“..... se pou peche nou yo kifè yo te mete san l deyò konsa, se akoz mechanste nou kifè yo te kraze l anba kou konsa.”⁸

Senyè a li menm te deklare: “Mwen menm, Bondye, m te soufri anba bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti.”⁹

Li te kase kòd lanmò epi l te rann posib pou tout limanite resisite. Li te ba nou kado imòtalite.

Jezikri te pran peche nou yo sou tèt li, epi li te mouri pou l te kapab satisfè egzijans lajistis pou nou kapab pa soufri si nou repanti.

Nou montre ke n aksepte Jezikri antanke Sovè nou lè nou mete lafwa nou nan li, repanti pou peche nou yo, epi resevwa òdonans sali ki nesèsè yo pou nou antre nan prezans Bondye a. Òdonans sali sa yo se senbòl alyans nou fè yo. Alyans obeyisans lwa ak kòmandman yo liye nou avèk Bondye epi yo fòtifye lafwa nou. Lafwa nou ak fèmte nou nan Kris la ap ba nou kouraj ak konfyans nou bezwen pou nou fè fas ak pwoblèm lavi yo, ki fè pati eksperyans nou sou tè a.

Tousuit apre mari m te aple pou prezide sou Misyon Asuncion an nan Paraguay an 1992, nou te ale nan yon konferans branch nan yon kominote izole nan Paraguayan Chaco.¹⁰ Nou te vwayaje pandan katrèdtan sou yon wout beton epi apres pandan setèdtan sou yon ansyen wout tè. Nou te vit bliye peril ak enkonfò vwayaj long nan lè nou te akeyi bèl manm akeyan yo nan Mitsolar.

Julio Yegros sete prezidan branch lan epi li menm ak madanm ni, Margarita, sete youn nan kèk grenn fanmi ki te sele nan tanp yo. M te mande yo pou yo te pataje eksperyans yo te fè nan vwayaj yo pou ale nan tanp la avèk nou.

Nan epòk sa a, tanp ki te pi pre a sete tanp Buenos Aires a an Argentine. Vwayaj soti Mistolar la te mande 27 èdtan san rete pou rive nan tanp lan e yo te ale avèk de timoun piti yo te genyen. Sete nan mitan yon ivè frèt anpil, men avèk anpil sakrifis yo te rive nan tanp lan epi yo te sele ansanm antanke yon fanmi etènèl. Lè yo t ap retounen, de tibebe yo te tonbe malad anpil epi yo te mouri. Yo te antere yo sou wout la epi yo te retounen lakay yo san pitit. Yo te tris ak solitè anpil, men avèk etonman, yo te santi yo gen rekonfò ak lapè. Yo te pale sou eksperyans yo a: “Pitit nou yo te sele avèk nou nan kay Senyè a. Nou konnen n ap genyen yo avèk nou ankò pou tout letènite. Konesans sa a banou lapè ak konsolasyon. Nou dwe rete diy ak fidèl nan alyans nou te fè nan tanp yo, epi konsa na va reyini avèk yo.”

Kijan nou grandi lafwa nou ak esperans nou pou nou ka menmjan ak manm fidèl sa yo nan Paraguay a?

Nan ki fason nou fòtifye kwayans nou nan deklarasyon m konn tande tout tan nan men anpil nan nou yo, ke nou kwè nan amou Bondye pou nou, ke nou kwè n ap resevwa benediksyon l yo, epi nou konprann plan redanmsyon an atravè Sovè Jezikri ak pati enpòtan pa nou nan plan l la?

M ap sigere kat bagay ki te ede m: lapriyè, etid ekriti, obeyisans ak sèvis.

Lapriyè

Lapriyè se yon aksyon kote nou kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la. Lè nou priye, nou rekonèt lafwa nou nan li ak pouvwa li pou beni nou.

Nan Alma 37:37 nou li: “Mande Senyè a konsèy nan tout sa w ap fè, epi l ap dirije w nan sa ki bon; wi, lè w kouche nan nwit, kouche nan Senyè a, pou l kapab pwoteje w nan dòmi; epi lè w leve nan maten, ranpli kè w avèk remèsiman pou Bondye; epi si w fè bagay sa yo, w ap leve nan dènye jou a.”

Etid ekriti

Yon konesans ak konpreyansyon plan Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou konnen kiyès nou ye ak kisa nou dwe devni.

Senyè a kòmande: “N ap fouye ekriti yo; paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi etènèl nan yo; e se yo menm ki temwaye de mwen.”¹¹

Gen yon gwo bezwen pou chak fi etidye ekriti yo. Pandan ke n ap vin pi familye avèk verite yo nan ekriti yo, n ap vin kapab aplike yo nan lavi nou epi jwenn plis pouvwa pou akonpli bi Bondye. Lapriyè pèsònèl ak etid ekriti chak jou envite enfliyans ak pouvwa Sentespri a nan lavi nou tou.

Obeyisans

Senyè a di: “Si nou renmen mwen, se pou n obeyi kòmandman m yo.”¹² Obeyisans fidèl nou ap ede nou devlope karakteristik divèn ak chanje kè nou.

Nan Doktrin ak Alyans yo konseye nou:

“Respekte alyans nou fè yo....

“Respekte kòmandman m yo tout tan, epi w ap resevwa yon kouwòn lajistis.”¹³

Angajman nou pou viv levanjil la nouri lafwa nou ak esperans nou nan Jezikri.

Sèvis

Nou gen anpil opòtinite pou sèvi li. Yo mande chak sè pou yo chèche ak ede pòv yo ak moun ki nan bezwen yo ki pami yo ak alantou yo. “Pòv yo ak moun ki nan bezwen yo” enkli moun ki nan bezwen espirityèl ak emosyonèl tou. Yo bay nou chak tach pou nou “sove mò nou yo” tou, sa ki kapab fèt lè nou travay sou istwa familial nou oubyen lè nou fè travay tanp. Yo kòmande nou pou nou pataje levanjil la avèk lòt moun, e gen plizyè fason pou n patisipe nan travay misyonè. Tout bagay sa yo se fason nou kapab sèvi Senyè a. Papa nou ki nan Syèl la atann pou moun ki solid yo fòtifye fèb yo epi pwòp lafwa pa nou ap fòtifye lè nou fòtifye ak pran swen pitit li yo.

Mwen konnen Papa nou ki nan Syèl la renmen pitit li yo pafètman, endividyèlman, ak konstaman. Mwen konnen ke antanke fi, nou gen yon pati esansyèl nan plan bonè a. Pi bon efò nou se tout sa li mande nou e li bezwen nou chak pou bati wayòm nan. Ekspyasyon an reyèl. Jezikri se Sovè nou ak Redanmtè nou. Mwen temwaye ke si nou fidèl epi n pèsevere jiskalafen, n ap resevwa benediksyon Papa nou ki nan Syèl la, ki se lavi etènèl ak egzaltasyon. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Moyiz 1:39.
2. Jenèz 1:27–28.
3. Moyiz 5:5.
4. 2 Nefi 31:20.
5. Doktrin ak Alyans 121:7.

6. Ezayi 49:15–16.
7. Jan 15:9.
8. Ezayi 53:4–5.
9. Doktrin ak Alyans 19:16.
10. The semiarid, sparsely populated area of western Paraguay.
11. Jan 5:39.
12. Jan 14:15.
13. Doktrin ak Alyans 25:13, 15.